

## **Appendix F**

PLACEMENT LETTER

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Dapre dwa pitit ou genyen kòm yon moun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) e dapre repons ou mete nan fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran\*, nou plase pitit ou a \_\_\_\_\_ nan yon pwogram \_\_\_\_\_. Li pral patisipe nan pwogram sa a pou tout ane eskolè \_\_\_\_\_.

Nou pral detèminen si pitit ou a dwe kontinye resevwa sèvis dapre pèfòmans li nan egzamen Biwo Leta Nouyòk bay pou evalye elèv k ap aprann angle kòm dezyèm lang *New York State English as a Second Language Achievement Test* (NYSESLAT) ke yo bay nan prentan. Rechèch pwouve elèv ki rete nan menm pwogram la, nan yon ane pou ale nan yon lòt, gen tandans pou fè egzamen modèl matematik ak angle vil ak leta Nouyòk yo pi byen, epi yo travay lekòl pi byen pase elèv k ap pase nan diferan pwogram.

Nou espere pitit ou a pral genyen yon ane akademik pwofitab nan lekòl nou a. Si w ta vle mande kèk kesyon osijè chwa pwogram pou pitit ou a, tanpri kontakte \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.

Ak senserite,

\_\_\_\_\_

\* Si w pa te soumèt yon fòm Chwa pwogram ak Ankèt sou paran, y ap plase pitit ou a selon pwogram ki disponib e dapre règleman leta yo.